

Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay Moun ki se Etranje Kalifye

Yon etranje kalifye se yon moun ki satisfè kondisyon ki endike anba la yo:

- Kondisyon Etranje ki gen Grinkat anba Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (INA).
- Moun yo bay azil politik anba seksyon 208 INA.
- Yon refijye ki jwenn admisyon nan Etazini anba seksyon 207 INA.
- Moun yo bay libète sou kondisyon anba seksyon 212(d)(5) INA pou yon peryòd tan ki omwen yon ane.
- Moun ki gen depòtasyon yo sispann anba seksyon 243(h) INA jan sa anvigè anvan 1ye avril 1997, oswa ki gen lòd pou kite peyi a ki sispann anba seksyon 241(b)(3) INA.
- Moun ki antre nan peyi a sou kondisyon anba seksyon 203(a)(7) INA jan sa anvigè anvan 1ye avril 1980.
- Yon Kiben oswa yon Ayisyen ki antre nan peyi a jan sa defini nan seksyon 501(e) Lwa 1980 sou Asistans Edikasyon Refijye.
- Mari/madanm, oswa pitit, oswa paran yon sitwayen Etazini oswa yon Rezidan Legal Pèmanan yo bat oswa pitit moun yo bat la, epi ki satisfè kondisyon 8 USC 1641(c).
- Endyen Ameriken Amerik-di-Nò ki fèt nan Kanada epi ki posede omwen 50% san Endyen Ameriken oswa yon manm tribi ki gen rekonesans federal ki te fèt deyò Etazini.
- Imigran Azyatik-Ameriken.
- Sèten manm tribi Hmong ooswa Lawotyen Highland.
- Veteran, madanm/mari, madanm/mari sivivan ki pa marye ak timoun depandan ki pa marye yon veteran Etazini ki te satisfè kondisyon aktif minimòm yo (dezan).
- Sèvis Militè aktif oswa yon manm Fòs Lame nan travay aktif apentant nan Fòs Lame, Lamarin, Fòs-de-Lè, Kò Lamarin oswa Gad-Kòt, madanm ak pitit
- Moun ki pa sitwayen Etazini jan gouvènman federal la defini sa.
- Viktim Trafik Imen ki te sètifiye (adilt) oswa ki te resevwa yon lèt kalifikasyon (timoun) ki te sòti nan Biwo Entegrasyon Refijye.
- Moun ki gen Viza Imigran Espesyal – Irakyen ak Afgan.